



Dènnye fwa yo revize li, 13 Out 2020

Tinedjè ki ap Fè Fas ak COVID-19

Rete kwense lakay ou se yon bagay ki anmèdan. Petèt sa ka nwi w paske w pa ka ale lekòl, amize w ak zanmi w yo epi kèk nan nou kapab fatige siveye sou frè ak sè nou yo. Moun lakay ou an kapab ap pale fò, sou ou ak sou youn lòt. Ou kapab gen kèk kesyon sou COVID-19 oswa lòt pwoblèm sante yo. Oswa ou ka jis bezwen jwenn yon moun pou w pale!

Ou pa poukont ou.

Kidonk gen anpil tinedjè ak jèn nan tout Vil Nouyòk ki santi yo menm jan an tou. Bon nouvèl la se lefètke, gen anpil sèvis ak èd ki egziste ki disponib pou jèn yo!

Ak sèlman yon klik sou souri a, oswa tape nan yon telefòn, ou kapab rantre nan sèvis ki ka ede w santi w byen an:

[Aktivite Amizan epi San Danje pou Fè Lakay ou](#)

[Sipò pou Edikasyon](#)

[Sante ou pandan COVID-19](#)

[Sèvis pou Sante Mantal yo](#)

[Resous pou Sante LGBTQIA ak Sante Mantal](#)

[Prevansyon ak Tretman sou Itilizasyon Dwòg](#)

[Èd pou itilize sèvis swen sante a Distans](#)

[Vyolans Familyal oswa Vyolans nan Relasyon](#)

[Prevansyon kont touye pwòp tèt](#)

[Trafik Timoun](#)

[Asèlman](#)

[Opsyon Planifikasyon pou Fanmi](#)

[Sipò pou Paran Adolesan yo](#)

[Sipò Lojman](#)

[Resous ACS pou Jèn](#)

Aktivite Amizan epi San Danje pou Fè Lakay ou

Èske w bezwen gen aksè gratis ak Lig NBA a? Kisa w panse sou pratik gratis pou SAT oswa HSE? Oswa yon tounwa Mario Kart pi rapid? Eseye rete anfòm epi eseye jwenn yon enskripsyon gratis nan yon aplikasyon espò?

- Adolesan ak jèn moun yo kapab al gade nan [Detant lakay \(Fun at Home\)](#) oswa voye tèks "Fun" nan 97743 pou yo ka resevwa dènnye enfòmasyon sou resous ak aktivite yo.
- **Depatman Lajènès ak Devlopman Kominotè** vini ak dans, mizik, atizana, sinema, ak plis bagay ki disponib pou ou menm! Dekouvri posibilite yo [la a](#), epi enskri pou aktivite ki fè w plezi a. Tèkste nan [\(347\) 349-4361](#) pou jwenn mizajou dirèk sou

telefòn ou. Ou ka swiv yo tou sou [Instagram](#), [Facebook](#), oswa [Twitter](#) nan @NYCYouth pou jwenn plis anons ajou atravè medya sosyal.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sipò pou Edikasyon

- [Bibliyotèk Piblik Nouyòk](#) bay èd devwa mezon anliy gratis pwofesè patikilye yo fè, chak jou apati 2è pou 11è p.m. Yo disponib nan lang anglè ak espanyòl, apati klas primè rive nan klas segondè yo, nan matyè debaz yo. Kontni videyo ak lòt resous yo disponib tou 24 èdtan pa jou. Konekte ak nimewo kat bibliyotèk ou a pou w jwenn aksè [la a](#).
- [discoverDYCD](#) pèmèt ou chèche pwogram aprè lekòl yo, sèvis edikasyon, travay ak staj, sèvis kominotè, sipò lojman, sèvis pou imigran, sant fòmasyon rejyonal ki toupre ou.
- [YCteen](#) pibliye istwa ki vrè, istwa adolesan yo ekri sou sijè ki enpòtan pou jèn yo. Ou ka aprann plis epi li istwa yo [la a](#). **Pou edikatè yo ak pou lòt moun k ap travay ak adolesan yo:** ale [nan resous pou anseye a distans](#) yo sèvi ak istwa adolesan yo ekri yo pou fè yo.
- Tanpri al gade nan [sit entènèt Depatman Edikasyon an \(Department of Education, DOE\)](#) pou w jwenn dènye enfòmasyon sou ane lekòl 2020-2021 an, sa gen ladan l sante ak dispozisyon ki pran pou pwoteje moun, ak modèl aprantisaj ki pral disponib yo.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sante ou pandan COVID-19

Ou ka pran viris la san w pa gen okenn sentom. Mete kachnen nan figi w pou pwoteje moun ki ozalantou w yo.

Moun k ap viv Nouyòk yo (sa gen ladan timoun ki gen plis pase dezan yo) ta dwe mete kachnen nan figi yo nenpòt kote yo ye ak lòt moun nan yon espas ki fèmen ki pa lakay yo, menmsi yo toujou kenbe distans 1,5 mètr (yon mètr senkant) lan.

Pou plis enfòmasyon konsènan kachnen, ak nenpòt lòt bagay menm jan an ki ka pwoteje moun epi anpeche COVID-19 la simaye, tanpri al gade nan [sit entènèt DOHMH la](#).

Bezwen Sèvis pou Sante Mantal yo?

Pandan Kriz Sante Piblik COVID-19 la, li vrèman enpòtan pou w jwenn èd medikal ou bezwen an.

- **Sant Sante pou Adolesan Mon Sinayi:** Bay sèvis sante medikal konplè, entegre ak sèvis sante mantal epi edikasyon sou prevansyon pou jèn ki gen laj ant 10 a 22 lane. Li bay swen sante prensipal, konsèy, sipò, sante mantal ak terapi pou fanmi, sante seksyèl ak repwodiktif, swen dantè, nitrisyon, ak pwogram espò ak byennèt. Sant lan louvri lendi rive samdi. Al gade [sou entènèt](#) oswa rele nan [212-423-3000](#).

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sante ki disponib pou adolesan yo, tanpri ale sou: [Generation NYC Doctors & Insurance](#).

Toujou konnen dènye enfòmasyon sou lasante yo

Kounye a gen yon nouvo enfeksyon respiratwa ki rele COVID-19 k ap vale teren nan kominote Vil Nouyòk yo. Ou ka jwenn dènye enfòmasyon nan men Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil Nouyòk (New York City's Department of Health and Mental Hygien, NYC DOHMH) pou kenbe oumenm ak fanmi ou an sekirite ak an sante. Yo pibliye anpil nan [konsèy ak enfòmasyon sou ka nan Vil Nouyòk konsènan maladi sa a](#) (tanpri swiv lyen sa a pou gid DOHMH ki tradui a). Ou ka tèks "COVID" bay 692-692 pou jwenn dènye enfòmasyon yo nan mesaj tèks.

Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun (Multisystem Inflammatory Syndrome in Children, MIS-C): Nan moman an, Depatman Sante Minisipal ak Eta yo ap mennen ankèt sou yon pwoblèm sante, ki ka danjere anpil oswa ki ka menm touye timoun yo, epi ki ka gen rapò ak COVID-19. Li enpòtan pou paran yo, moun k ap bay swen yo, ak moun k ap travay ak timoun yo konnen pwoblèm sante sa a, paske, menm si nou kontinye pa wè li souvan, li kapab mennen moun nan peyi san chapo si nou pa trete li vit.

Pwoblèm sante sa a, ki gen karakteristik ki sanble ak Maladi Kawasaki ak Sendwòm Chòk Toksik, yo rele Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun (MIS-C epi yo te rele li avan PMIS), epi li ka gen rapò ak COVID-19. Li enpòtan pou rekonèt siy yo, ki gen ladan yon gwo lafyèv ansanm ak lòt sentòm tankou vant fè mal, dyare, vomisman, gratèl, ak men oswa pye anfle. Si yon timoun malad ak yon lafyèv ki pa janm tonbe, tanpri kontakte pedyat li byen vit pou wè si li gen MIS-C. Si yon timoun ki malad grav avèk lòt sentòm (gratèl, vant fè mal, doulè nan pwatrin) ki vini ak yon lafyèv, tanpri rele 911 imedyatman.

- DOHMH [Fèy Enfòmasyon Sou Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun](#) (PDF, 18 me, 2020)

Tanpri al gade nan [Sit entènèt DOHMH la](#) pou jwenn plis enfòmasyon (sa gen ladan dokiman ki tradui yo).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sèvis pou Sante Mantal yo

Èske w vle pale ak yon moun? Èske w bezwen yon moun ki pou ede w jere estrès, depresyon, enkyetid oswa difikilte famiyal yo ou genyen? Gen èd disponib.

- **Sant Sante pou Adolesan Mon Sinayi:** Bay sèvis sante medikal konplè, entegre ak sèvis sante mantal epi edikasyon sou prevansyon pou jèn ki gen laj ant 10 a 22 lane. Li bay konsèy, sipò, sante mantal ak terapi pou fanmi. Sant lan louvri lendi rive samdi. Al gade nan [sou entènèt](#) oswa rele nan [212-423-3000](#)
- **NYC Well:** NYC Well pèmèt ou jwenn sipò konfidansyèl sou sante mantal gratis. Jwenn aksè nan sèvis sante mantal pou itilizasyon dwòg ak alkòl nan plis pase 200 lang, 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou sou 365. Gen èd disponib nan telefòn, tèks oswa

tchat! Rele 1-888-NYC-WELL ([1-888-692-9355](tel:1-888-692-9355)), voye tèks "WELL" nan 65173, oswa chat [anliy](#).

- **Sèvis Swen sante Mantal a distans Citywide:** Pou jwenn sèvis sante mantal Citywide ki disponib nan telefòn yo, klike [la a](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Resous pou Sante LGBTQIA ak Sante Mantal

- **Sant Ali Forney:** Pou yon konsiltasyon konplè pou sante fizik ou ak sante mantal ou, al gade nan [Sant Ali Forney](#) oswa rele pandan w lakay ou nan [212-206-0574](tel:212-206-0574)
- **Sant Ian** bay jèn LGBTQ ak alye yo ki gen laj ant 13 ak 21 lane sipò kominotè pou ankouraje yon devlopman ekilibre nan yon anviwònman ki san danje, konfyan, pozitif sou plan seksyèl, san alkòl ak san dwòg ki kreye aktivite tankou kou egzèsis, lekti powèm, ak diskisyon kominotè (verifye [kalandriye a](#)). Yo bay yon tretman andeyò de lopital tou pou itilizasyon dwòg ak alkòl sitou pou abòde bezwen jèn LGBTQ+, ak faktè ki rann yo pi fèb pou yo lage nan pran dwòg ak bwè alkòl. Pou jwenn plis enfòmasyon klike [la a](#) oswa voye imèl nan recovery@gaycenter.org oswa rele nan [212-620-7310](tel:212-620-7310) OSWA [646-556-9300](tel:646-556-9300).
- **H.E.A.T:** Altènativ Sante ak Edikasyon pou Adolesan (Health & Education Alternatives for Teens, HEAT) bay swen medikal, sèvis sante mantal ak jesyon ka jèn gason ki fè sèks ak gason, jèn fanm etewoseksyèl ak transjan, sitou yo tout soti nan kominote ki gen koulè po diferan yo. Klinik la pral rete ouvri epi disponib pou reponn kesyon oswa enkyetid ou genyen yo nan telefòn nan nimewo [\(718\) 613-8453](tel:718-613-8453) oswa al gade nan [H.E.A.T](#).
- **Housing Works:** Espesyalize nan sèvi jèn gason omoseksyèl nwa, jèn gason ki fè sèks ak gason (young men who have sex with me, YMSM), MSM ak transjan ki nwa yo, nenpòt laj, moun ki pran dwòg, jèn LGBTQ, ak sanzabri oswa sila ki nomad yo. Al gade nan [Travay pou lojman \(Housing Works\)](#) oswa rele pandan w rete lakay ou nan [\(347\) 473-7400](tel:347-473-7400)
- **Pwojè Trevor:** Yon liy apèl konfidansyèl dirèk gratis 24 èdtan pa jou pou jèn LGBTQIA yo ki konn touye tèt yo. Konseye ki kalifye yo disponib pou sipòte w 24 sou 24, 7 jou sou 7. Si w se yon jèn ki gen yon kriz, ki santi w anvri touye tèt ou, oswa bezwen yon kote ki p ap jije w pou chwa w pou pale, rele TrevorLifeline kounya nan [1-866-488-7386](tel:1-866-488-7386) oswa al gade nan [Pwojè Trevor](#).
- **Trans Lifeline:** Trans Lifeline bay sipò patnè epi kapab ede gen aksè ak plizyè lajan ijans ak resous èd mityèl nan zòn kote nan epi sou teritwa nasyonal la. Kontakte yo nan [877-565-8860](tel:877-565-8860)
- **Gid Pwojè Inite LGBTQ + COVID-19 nan Vil Nouyòk:** Pou dènye enfòmasyon sou plis pase 100 pwogram ak sèvis k ap defann dwa kominote LGBTQ+ la ki toujou ouvri a distans ak fas-a-fas toupatou nan Vil Nouyòk, al gade nan [Gid Resous Pwojè Inite LGBTQ + COVID-19 nan Vil Nouyòk](#)

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Prevansyon ak Tretman sou Itilizasyon Dwòg

Si w panse gen yon pwoblèm ak itilizasyon dwòg oswa adiksyon, chèche yon granmoun ou fè konfyans pou w pale ak li. Si w pa kapab pale ak paran ou yo oswa lòt granmoun ki ka sipòte w, nou gen èd disponib.

- **Sant Sante pou Adolèsan Mon Sinayi:** Gen yon ekip travayè sosyal, sikològ ak sikyat devwe k ap sèvi jèn ki gen ant 10-24 ki gen pwoblèm ak dwòg, malgre yo pa kapab peye. Sant lan louvri lendi rive samdi. Al gade nan [sou entènèt](#) oswa rele nan [212-423-3000](tel:212-423-3000).
- **Biwo Nouyòk pou Sèvis Adiksyon ak Sipò (NY Office of Addiction Services and Supports, OASAS):** Tretman adiksyon ak sèvis rekiperasyon kontinye rete disponib pandan pandemi COVID-19 la. Kit ou bezwen pale oswa ou santi w ap kite oswa replonje, pwofesyonèl ki kalifye OASAS finanse atravè Eta Nouyòk yo disponib nan telefòn/vidyò oswa ak yon distans ki an sekirite fas a fas. Pou jwenn èd 24 sou 24, 7 jou sou 7 ak adiksyon, itilizasyon dwòg, oswa jwèt aza, rele nan [877-846-7369](tel:877-846-7369), tèkste `HOPENY` (467369), oswa [al gade nan OASAS](#) pou w kapab li plis.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Èd pou itilize sèvis swen sante a Distans

Sèvis sante a distans se lè w jwenn swen sante oswa terapi sou telefòn ou, tablèt ou, oswa odinatè w, olye w rankontre w ak moun ki konn ba w sèvis sosyal ou genyen an, ak avoka w la, oswa ak moun ki konn ba w swen sante a fasafas. Pandan COVID-19 la, anpil moun jwenn sèvis yo pa mwayen sèvis swen a distans yon fason pou kontribye nan dimiye risk ki genyen pou gaye oswa pou trape viris la.

Gade nan [Konsèy sou swen sante a distans](#), sa yo se sa fanmi nan vil Nouyòk ak moun k ap bay sèvis yo te mete sou pye, yon fason pou yo te ka reponn ak kesyon moun konn poze pi souvan yo epi pou ede w pi byen pwofite randevou swen sante a distans ou yo. Ou pral jwenn enfòmasyon sou [fason pou w konfigire aparèy ou a, sou fason pou w prepare w pou yon seyans a distans](#), elatriye. Resous sa a disponib nan onz (11) lang.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Vyolans Familyal oswa vyolans nan Relasyon

Distans sosyal pa ta dwe vle di izòlman sosyal. Anpil fwa jèn yo abize yo konn pè deklare sa. Si yo te abize w oswa yon moun ou konnen, nou gen èd disponib.

- **Refij pou Fanmi yo:** [Rele nan 212-349-6009](tel:212-349-6009)
- **Safe Horizon:** Rele Liy Apèl Dirèk sou Vyolans nan kay la 24 sou 24, 7 jou sou 7: [1800-621- HOPE \(4673\)](tel:1800-621-HOPE) Rele nan Liy Apèl Dirèk sou Vyòl ak Asèlman Seksyèl 24 sou 24, 7 jou sou 7: [212-227-3000](tel:212-227-3000)
- Pou rapòte abi sou timoun oswa neglijan timoun rele nan [1-800-342-3720](tel:1-800-342-3720) (Rejis Santral Eta Nouyòk).
- **Si w an danje pou kounye a, rele 911.**

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Prevansyon kont touye pwòp tèt

Si w gen lide pou w touye tèt ou, rakonte yon moun ou fè konfyans sa tankou yon zanmi, paran, pwofesè, antrenè oswa yon konseye. Ou pa poukont ou. Gen èd disponib.

- Pou jwenn èd tousuit nan moman kriz ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, rele Liy apèl Dirèk sou Prevansyon kont touye tèt la nan [1-800-273-8255](tel:1-800-273-8255)
- Pou tèks ak yon konseye gratis, tèks **VOICE nan 20121**
- Pou jwenn plis fason pou mande èd, al gade nan [Lavi Ou Vwa Ou \(Your Life Your Voice\)](#)

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Trafik Timoun

Si y ap fè trafik ak ou oswa w ap fè komès sèks pou w viv, gen èd pou ou. Men kèk resous pou ede w jwenn yon kote ki an sekirite, ki pi stab.

- **Liy Dirèk Nasyonal pou Trafik Moun:** Ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou sou 365 pou tout jèn yo. Rele [888-373-7888](tel:888-373-7888), tèkste 233733, oswa [li plis enfòmasyon](#).
- **Liy Apèl Dirèk pou Viktim Espesyal/Trafik Moun NYPD:** Ouvri 24/7/365 pou tout jèn yo. Rele nan [646-610-7272](tel:646-610-7272)
- **Safe Horizon:** Rele nan liy apèl dirèk la 24 èdtan si w bezwen yo ede w, [1-800-621-4673](tel:1-800-621-4673).
- **Covenant House:** Konsèy nan moman kriz ak lojman ann ijans pou jèn ki gen ant 16 a 21 lane yo. Rele nan [212-613-0300](tel:212-613-0300) oswa al gade nan [Covenant House](#).
- **Jou 1:** Sèvis endividyèl pou gason ak fanm yo eksplwate ak fè trafik ak yo, epi ki sibi vyolans nan relasyon renmen, fòmasyon: Rele nan [212-566-8120](tel:212-566-8120), [Ekstansyon. 5692 socialworker@dayoneny.org](mailto:5692_socialworker@dayoneny.org)
- **GEMS:** Sèvis Edikasyon ak Mantò pou Fi yo (Girls Educational & Mentoring Services, GEMS) nan Nouyòk ofri sèvis tankou tretman ki kout ak tretman pou moman kriz, defans nan tribinal, lojman tranzisyon ak sipò, ak jesyon ka. Rele nan [212-926-8089](tel:212-926-8089)
- **Retire Tatou pou Jèn ki Viktim Trafik yo oswa Jèn ki te nan Gang:** Imèl tattoo.removal@acs.nyc.gov
- **Si w an danje pou kounye a, rele 911.**

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Pèsekisyon

Asèlman kapab fizik, vèbal, sosyal, oswa anliy (entimidasyon anliy). Sa kapab yon move eksperyans pou ou epi sa gen konsekans grav. Si w sibi pèsekisyon, nou vle w konnen se pa fòt ou. Rakonte yon granmoun ou fè konfyans sa. Pale ak paran ou yo, pwofesè, antrenè, direktè lekòl oswa ak yon konseye.

- [Li plis enfòmasyon sou fason pou fè fas ak pèsekisyon oswa rele nan 212-423-3000](#) lendi rive samdi.
- Pou elèv Ministè Edikasyon Vil Nouyòk yo, jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou deklare diskriminasyon, entimidasyon, pèsekisyon elèv fè sou elèv, tankou aèlman seksyèl epi/oswa entimidasyon lè ou al gade nan [paj enfòmasyon DOE a](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Opsyon Planifikasyon pou Fanmi

- **Planifikasyon Afilye Parantal nan Vil Nouyòk:** Pou egzamen byennèt, planin, swen prenatal, tè enfeksyon moun pran nan fè sèks, PEP, sante LBGTQIA, PrEP, operasyon avòtman epi chwazi lòt sèvis, chèche yon sant Planifikasyon Parantal ki toupre ou. Rele nan [1-800-230-PLAN](#) oswa [pran yon randevou anliy](#).
- **Pratik Planifikasyon Fanmi Presbiteryen nan Nouyòk (New York-Presbyterian's Family Planning Practice):** Sant Planifikasyon Familyal pou granmoun fanm ak jèn tifi yo ki nan laj 45 lane ak Klinik pou Jèn Gason ki gen laj 14-35 lane. Bay swen medikal nan telefòn, nan videyo epi fas-a-fas. Rele nan: [212-305-9321](#)

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sipò pou Paran Adolesan yo

Lè w se paran yon adolesan se pa yon bagay ki fasil, epi pwoblèm yo kapab vin pi grav ak Kowonaviris la. Pou jwenn sipò antanke paran yon adolesan, gade enfòmasyon annapre a:

- **Pwogram pou Paran Adolesan nan Sant Sante pou Adolesan Mon Sinayi** disponib pou ede rann bagay yo plis fasil. Objektif yo se asire yo ou menm ak bebe w la an sante, lè yo ba w bon kalite sèvis medikal, sèvis travay sosyal, sèvis sikolojik, ak enfòmasyon sou nitrisyon. Tout sèvis sa yo gratis epi konfidansyèl. Al gade nan [sou entènèt la](#) oswa rele lendi pou rive samdi nan: [212-423-3000](#)
- Menm lè Sant lan fèmen, gen yon pedyat ki disponib nan telefòn 24 èdtan pa jou. Sèlman rele nan [212-423-3000](#) epi poze pedyat la kesyon nan telefòn.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sipò Lojman

- **Depatman Devlopman Jèn ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) Vil New York** finanse pwogram lojman ann ijans ak tranzisyon pou jèn ki sove kite kay yo oswa ki sanzabri (Runaway and Homeless Youth, RHY). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram RHY yo [la a](#).
- **Covenant House:** ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou bay lojman ak sèvis sipò bay jèn moun ki nan bezwen. Al gade nan [sou entènèt](#) oswa rele nan [212-613-0300](#).

- **The Door (Pòt la):** Ofri sèvis lojman ak sipò pou jèn ki nan bezwen yo, epi li ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7. Voye yon imèl bay Jazzy Smith nan jasmith@door.org pou plis enfòmasyon.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Resous ACS pou Jèn

Pou jèn k ap viv kounye a lakay lòt moun, sa yo ki pa gen lontan depi yo sou kont tèt yo, oswa jèn ki jwenn lòt sèvis ACS yo, nou konnen moman sa yo pa fasil pou ou kote w ka nan nesosite pou w jwenn yon koutmen. Gen anpil moun ki ka ede w, sa gen ladan l ajans k ap jere dosye w yo epi ekip espesyalis ki nan ACS yo ka travay avè w sou nenpòt bagay, yo ka ede w jwenn dokiman enpòtan w yo, jwenn lojman, yo ka prepare w pou w jwenn travay, ak edikasyon. Tanpri al gade nan seksyon [Jèn](#) sou sit entènèt nou an oswa mande ajans k ap jere dosye w yo pou w ka jwenn plis enfòmasyon. Si w pa byen konnen ak ki moun pou w pale, tanpri kontakte [Biwo Defans ACS](#) la pou w ka jwenn èd ak enfòmasyon.

[Retounen anwo nan Paj la](#)